

# Eske w enkyete w sou pèman lwaye ke w rate oswa degèpisman? Èd ki disponib

Pandan pandemi koonaviris la, dè milyon lokatè te lite pou fè pèman chak mwa yo. Si w pral gen pwoblèm pou peye lwaye w, sèvis piblik, oswa lòt depans ki gen rapò ak lojman, asistans pou lokasyon ka disponib pou ou.

Depatman Trezò Ameriken an te mete dè milya de dola disponib pou ajans eta yo, lokal, ak tribi gouvènman yo pou bay asistans ijans pou lokasyon kay ki kalifye yo.

## Jwenn asistans finansye pou lwaye

Pwogram Asistans Ijans pou Lwaye a te kreye pou ede lokatè yo kouvri depans ki gen rapò ak lojman yo epi rete nan lojman ki estab pandan pandemi an. Èd lokasyon an distribiye atravè gouvènman eta w la ak lokal yo.

Pwogram ki bay èd ak lwaye travay nan diferan fason, tou depann de ki jan chak eta, lokal, oswa gouvènman tribi etabli pwogram yo ye. Ou ka anmezi pou aplike pou asistans lokasyon pou tèt ou, oswa w ka bezwen travay avèk mèt kay ou a pou soumèt aplikasyon an.



## Jwenn yon kote pou aplike

Pou jwenn ajans eta oswa lokal kote ou a pou ka aplike pou asistans lokasyon an, ale nan [cfpb.gov/govrent](https://cfpb.gov/govrent). Si w pa ka jwenn yon pwogram nan zòn ou an, rele 2-1-1 oswa otorite lojman lokal ou a pou asistans.

Pou kalifye, ou dwe fè eksperyans difikilte finansye pandan pandemi COVID-19 la, ranpli kondisyon revni lokal yo, epi w dwe an reta nan lwaye w. Kalifikasyon w depann de pwogram ki nan lokal ou a, kidonk se yon bon lide pou tcheke opsyon w si w gen enkyetid sou dèt lokasyon w.

Asistans pou lokasyon ijans ka ede w kouvri lwaye ki te dwe akòz pandemi COVID-19 la. Tou depan de règleman lokal yo ak disponiblite ki genyen, ou ka jwenn èd ak pèman lwaye nan lavni, jiska twa mwa nan yon tan. Pwogram lokal yo ka kouvri tou sèvis piblik yo, enèji lakay w, ak lòt depans, tankou elektrisite, gaz, lwil, gazolin, dlo, egou yo, ak jete fatra. Asistans pou lokasyon ka kouvri tou frè rezonab ki anreta, sèvis entènèt nan kay ou, ak depans demenajman ak lòt frè ki gen rapò ak lokasyon - tankou depo sekirite, frè aplikasyon, oswa frè tès depistaj.

## Mande pou èd adisyonèl

### Pran avantaj de èd lojman gratis yo

Si w ta renmen èd nan men yon ekspè lokal, kontakte Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) nan pwogram konsèy lojman an. Rele 800-569-4287 oswa vizite [consumerfinance.gov/find-a-housing-counselor](https://www.consumerfinance.gov/find-a-housing-counselor).

### Konsilte yon avoka

Asosyasyon lokal avoka yo ou oswa biwo èd legal la ka anmezi pou konekte w avèk èd legal gratis oswa a pri ki ba.

## Osijède de nou

Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè (CFPB) se yon ajans 21yèm syèk ki ede mache finans konsomatè yo travay pa fè règleman yo pi efikas, nan ranfòse règleman sa yo, ak pa pèmèt konsomatè yo pran plis kontwòl sou lavi ekonomik yo.

Aprann plis nan [consumerfinance.gov](https://www.consumerfinance.gov).

Misyon Depatman Trezò Ameriken an se kenbe yon ekonomi solid ak kreye opòtinite ekonomik ak travay nan pwomosyon kondisyon ki pèmèt kwasans ekonomik ak estabilite nan kay ak aletranje, ranfòse sekirite nasyonal nan konbat menas ak pwoteje entegrite nan sistèm finansye a, ak jere finans ak resous Gouvènman Ameriken an efektivman.